Poetry Series

# Wensy Mbirimi
# - poems -

**Publication Date:**
2015

**Publisher:**
Poemhunter.com - The World's Poetry Archive

# Wensy Mbirimi()

I am writing here in my mother tongue Shona as i feel this helps me creatively for i know i express myself better in this language that comes naturally to me. I intend to later translate this poems to English for the benefit of English readers but I already have a collection Mbirimi.

# Chichenai Mwoyo

Ndozvinoita hupenyu vehama
Kungonzwa shoko makatutunuka
Rwunobongomora, rwunozhamba rwohwihwidza
Zvozvotosiririsa bangochema
Yenyu kwandiri misodi ndeya vamungwena
Vamupere kunyenama handi nyemwerero

Chichenai mwoyo waenda Tigere
Rwave rufu mohwihwidza
Asi hwake hurwere makashunamira
Mobararadza rufu rworwadza
Mufi marwadzo oga akashivira
Kusanyara shoko rasvika motungamidza
Zvana kumana bararamhanya ruzhinji rwuzive

Matare mogara kuronga zvenhamo
Ko makakonewa nei vaduma
Wenyu kurongera hurapi
Murwere nezhara wairara
Payake nhamo kana umwe acharara nayo
Zvomoremekedza chitunha kupfuura iye pauzima
Bva chichenai henyu mwoyo

Toona momirizika pachita
Manyepo modudza rakacheka nyika
Kufoya henyu hanzi takaidza zvose
Mukomana akarwarira mumeso edu
Deno zvirizvo maigoita shoko rekusumwa seizve
Deno zvaisasiririsa topfachuka hedu nesetswa
Kutovhunza hurongwa kwatiri vatorwa

Mochichenamwoyo budzi
Enhaka majasi mosimira
Vake vepedyo vari mushishi yokuchema
Imi sika sika kurongera yenhaka pfuma
Zvomotoita chirwirangwe
Iropa haro asi hukama hwakapwa kare
Chenai mwoyo, pfachurai asi vake zivai mapatisa

Chichenai mwoyo zvokwadi
Chomugodhi wazorora
Deno aizivamuchange makatutunuka kudai
Ndoziva waiposhera maviri kana matatu
Heya maiziva ndiri kovo
Iwe muzaya vanhu ava ngavabve mhani

Wazorora Mishoni rega Mutunduru usare
Vochichena mwoyo vose vakange vakurasha
Asi isu vako toti rwendo newe rwaguma
Kana manyaradzo aiwa vachaita havo
Zvekuramba tichabatwa kumeso bodo
Ndicharamba ndochemera mudundundu
Vamasare vachihwihwidza pasina kana yapukutwa

Wensy Mbirimi

# Detembira Pajakwara

Nhaka ndozvireva, jakwara riri pamana
Musandichonya, nyangwe mukwenye handicheuki
Nhaka ndozvidura vakomana
Nyangwe kwashe zvapajakwara hazvicheukwi
Ndoita kushaura pasina usahwira kana cheukama
Ndoita kuti dyo-o, pasina pamunhondo pamusasa

Nhandi mbuya vangu Chipo
Ndodzidziso yacho yehuroora yepaRusitu here
Kuti murume unopesaniswa nehama pamwe nevana
Ndochingezi here kukudza muramu kudarika muchengeti
Ko iwe muramu zvowobetsera kubaya weropa nemutorwa
Anyanyoipei Tigere kubva mafuratidza nemoyo yeake mapudzi

Zvozvosiririsazve nhai vehama
Tatenda zvauri dangwe wotangazve kurasha wakakuumba
Nyarai nenyadzi wakatungamira zvimwe kwaive Kudakwashe
Warova Kuda kuno ndoziva tichakuona wozochengeta Madube
Ndipei zvangu mukombe huro yaoma
Chizukuru chimonera pachitsiga icho pachoto ndibatidzire

Achatemwa dzinobva ropa Chomugodhi
Tose pake pamukova takadya sadza
Kamativi, Empress nepaRedcliff
Nedzake tsitsi takachapfanya nokufara
Nhaka otsvaga mubatsiri
Tose mwanda mwanda kana mumwe odeera

Asi mwari muchengeti woita zvishamiso
Vana vakaitwa ndokukangamwiwa pake pamukova havachabvi
Wavanyadzisa Shingi, ramba wakashinga
Newevo Farai zvawakaita zvikuru
Zvozvosvodesa kuona mbuya Makanza vachishingaira vasina kusumwa
Ndokuti mbuya here Madube iwe washunama

Koi we T.E.T hanzvadzi wakaisepiko
Ko vanun'una zvavo
Zvowotoita chiseko chenyika rakachekanyika
Vose vakakurira mumba mako varipiko

Vakoniwa here kutsvaga mushonga iwe waivashongedza

Regai ndidudze zvikada bundu ringaserere
Ndotenda veChiguhune nokuda kwenyu akapfeka emarooro
Wake wokubereka kana rokukururira zvaro
Kuona muzukuru chinotove chishuwo
Deno baba vaitandisa botso
Ndaizopembera vakomana mapfeka marengenya

Panhasi regai ndigumire pano
Asi rungano harupereri pano
Gore raanoti pasi dhi-i chokwadi muchandiona
Hamumuchemi misodzi yenyu yamakarwe
Motonamata nditange ini kushevedzwa
Zvisizvo rufu rwake ruchaita sejakwara

Wensy Mbirimi

# Mukomberanwa

Tichakura mumakura tichavhima
Shuro kuvhima yaiva nyore
Waingove mukomberanwa garira nokokoko
Pokutizira mhuka yoshaya mbwa dzobata nyore

Zvino ndakura hupenyu hwondiita tsuro
Ndovhimwa ndahwa, ndakombwa vondibata huro
Pokutizira ndashaya newangu handimuoni
Rufu rwonditevera ndega ndosara muchakasara
Wehukama, mutorwa angu meso apofomadzwa
Ndiani angandiburewo mugango remarwadzo

Hezvo mhuri yasara somuchengeti ndokoniwa
Kana nomumwe ati kotama munzwa titumbure
Nhaiwe Jerina naMukwariwa
Hamuoniwo Rungamai renyu dangwe radokwaira
Vavhimi vose vapakata, kwekupotera rusvava rwoshaya
Anababa nekwavo, vakoma zvimwezvo
Zvotoda wega kushinga, deno une munun'una zvimwe……
Zvino agh…..wakasekwa ndokuve zinyarimwe nyana regondo

Vokuita kafiramberi vamasare
Vagoni zvavo
Chikohovedzai muite mafuta
Yangu nhamo ndowenyu mufaro
Ndakabarirwemi mushungurudze

Wensy Mbirimi

# Ndodemba Dzangu Ng'Ombe

Hohonwa dzeharabwa dzakati dzandimomotera
Gwiyo gwangova gwumwe semajesa mumushamvi
Topota here kwamupfiganebwe tisanhi Taona rako dzinde
Izvo deno mwene ndakaziva
Vana sorojena ndisakateerera
Dzangu ng'ombe handaizombodemba

Zvisinei revakuru shoko harivhikwi
Ndakarutanga gwiyo gwedzvetsva
mhatye pachangu chirauro ndokunyurura
dzimwe tsvimborume dzisati dzandisvinukira
kuvakarabwe sadombo sadza ndokunokumbira
ng'ombe pfumbamwe ndokutinhwa, kumafuro vodorisa
rusambo vakatetena majasi ndokusimira
asi ravo ruva mune rangu bindu rave shawi
mbariro dzisanhi dzave nechin'ai
dzangu ng'ombe ndanga ndodemba

charuveki gandiwa rose yovarimira
ravo budzi richingondipotsera makobvu namatete
mutuvi chero dzavo mbwa havachapi
youmai Sirika yosisa hodzeko dzozadzwa
ini vuno dzangu ng'ombe ndongodemba

Zurori Bhandomu makabaya
Yechityu, chiropa zvose nemakuru
Rwatata vakachapfanya venyu vazukuru
Wenyu ndobva kundoshandira
Yemanhanga hari ndonongedzerwa nekasiyamwa
Zvo mati ndowonekwa here rume guru pachoto
Hadyana neshambakodzi ndichikuchidzira moto
Zvokwadi ndodemba dzangu ng'ombe

Nhaka pamusasa pamunhondo zvaguma
Handingarambi ndogogoderwa
Mashambazhou kusvika rubvunza vaeni uchingopopoterwa
Zvodaro here idzo dzakaenda dzichikuma
Kurera mbwa fume yondiruma
Deno zvaibvira dzangu pfumbamwe ndanoreva

Ndarisa ndoga kumafuro egwiranenzara
Ravo budzi vadzorera mune ravo bindu
Mufaro kune tese todotamba ngororombe
Dzangove ndangarariro pandaidemba dzangu ng'ombe

Wensy Mbirimi

# Pakukura

Mune waGunyana mwaka
Jerina, Rungamai mwana achibara
Nhamo yose panyika yotevera
Wedangwe mwana yotevera

Chose chikoro choitwa
Gona. Nokuti uri wedangwe
Munun'una ndokunyimwa
Mbiri hanzvadzi ndokupiwa
Rungamai serako zita worurama

Wakura wosevenza waroora
Nhamo mai voti yopera
Baba vasipo, kunyika dzimu vaenda
Wedangwe yave yako nhamo
Wedenga zvakare okuseka vako mai wotora
Hanzvadzi, vana, nevazukuru
Pasina mubetseri wochengeta

Rwako rufu Rungamai wamirira
Zvikada murufu yako nhamo ingapere

Wensy Mbirimi

# Rudo Paruvengo

Ndinewe mudiwa mufaro pfachu
Agh ko ndizvoka newe wangu
Wangu moyo uzere nyemwerero
Kese kawareva inongove sekerero
Pondoti cheu iwe nekapanga woti checheu
Zvazibwa nani kuti rwenyu rudo chinyemu

Zvinaani soko kuti pondoona nyemwerero
Imi savamupere manyenama nevengo
Matoita kurwera rute pachangu chironda
Zvamatobatira gapu romunyu nemapuno muzvanza
Zvomorwidzana nenhunzi pachangu chironda
Mokokorodzana nevari mhiriyo mati vasvikewo vazochapfanya

Zvino rwangu rudo mati gohwingw'i
Rwese pamuri tsve! mopfachura vagoni
Dzoke moita hwenda, hwechishambwe chaicho pan'ombe
Moponda ini wenyu muraramisi
Nehope chazuro mokangamwa
Kuti muvemi nezvamuri ndini nezvandaive
Zvenyu zvoita zvangu zvopata
Deno musimi zvokwadi ndave chinhambwe

Rudo rwose marusveta padurunhuru ndokusvipira
Vagoni zvenyu mochitsvaka chimwe chituta
Asi mochenjera kunyima nowakaguta
Mandikohovedza asi gwangu rudo gwosinira
Deno mabira mhiri ndadeera vonditi kwenyu
Muchadana mugoneta asi gwenyu rudo bodo
Ndovaka here kuti mugoputsa! Aiwa bodo

Wensy Mbirimi

# Shananguro

Izwi rimwe nerimwe mudetembo
Rine udzamu chirevo nedudziro
Mumutsara umwe neumwe wenhetembo
Shoko rose rove butiro
Kuti kuruzhinji hwangu hupenyu hujeke
Pamwe nebudikidzo hwakovo hungave jekerere

Izwi rimwe nerimwe muumwe neumwe mutsara
Weimwe neimwe nhetembo, une dudziro muhupenyu hwanyanduri
Uchirava detembo ripi neripi yeuka wazarura butiro
Ranga rakashongedza ninga dzehupenyu hwanyanduri

Wensy Mbirimi

# Vhu Redu

Toitonga yava yedu Zimbabwe
Kuruzhinji vhu radzokera
Rutendo kunewe Gushungo
Waramba washinga
Kwatafuratira tisadzoke

Naiyo mari vamwe vangatengese
Asi chenjera pfumo raJena
Svosve Nehanda watsigira
Vhu kumunhu
Ropa rakadiridzira pachimurenga
Chitora keserima kapadza
Charuveki ini ndasunga
Mbeu muchanza
Kumunda tomhanya

Vedenga mvura vonisa
Toibvisa, todya chinyoro
Rwarudadiso
Zvomene vhu raredu
Nhaka tochengeta
Vhu torima
Nyika yoguta

Wensy Mbirimi

# Zinyarimwe Zai Regondo

Ko zvaizibwa nani
Nhaiwe Jerina naMukwariwa
Rungamai dangwe hupenyu hwovavira
Kumusiya ari zinyarimwe
Wave karikoga mugarandega

Vedzimwe dzimba voti tsvatu waro
Woitwa mukomberanwa garira nokokoko
Zvarwadza kuti mukoma zamu musina kusiyidzana
Povogara matare mazano igamuchidzanwa
Rako idare roumwe wozvibvunza nokupindura

Waritarira pfumo Jena
Worivhika sei rakandwa newedzinza
Wemumba akatungamira
Remuvengi pfumo richikure
Waunoseva naye okugara matunduru
Woiridza mhere kudana Chapfuta arere Mutunduru
Ndorozvwa newandakabvisira vatorwa variyo

Nhaiwe dzashe ndoipunyuka Seiko iyi
Nenyasha havachina hondo yakurirwa
Iko ndaisvikepiko rume rimwe churu harikombi
Ndave muranda wenyu
Pano pasi tongai vepasi vondipupurira

Ini zinyarimwe zai regondo
Mandiita kafiramberi
Chikokotedzai kune vakatungamira ndotevera
Jerina naMukwariwa
Rungamai ovuyeko
Nani pane raramo muvavengi
Vamasare muchafa pamunoda
Jena vofuratira

Wensy Mbirimi